

## Kreye Pwòp Rezo Soutyen Ou

Mande fanmi, zanmi, oswa lòt moun pou patisipe nan plan ou. Pataje chak pati nan plan ou ak tout moun ki nan gwoup ou, ki gen ladan yon zanmi oswa fanmi ki pa rete nan menm zòn avèk ou kote ijans la pa t ap afekte epi yo kapab ede ou si li nesesè.

### KISA PATNÈ OU BEZWEN KONNEN ANKÒ?

---

---

---

### AJANS JESYON KADIJANS LOKAL

New Castle County: 302-395-2700  
Kent County: 302-735-3461  
Sussex County: 302-855-7801

#### Lòt Resous yo

- <https://www.ready.gov/disability>
- <https://www.prepared.org>
- <https://www.redcross.org/get-help/how-to-prepare-for-emergencies/inclusive-preparedness-resources.html>
- [www.allreadyde.org](http://www.allreadyde.org)



# PATNÈ PREPARASYON POU SITIYASYON IJAN



## Chèche Yon Patnè Preparasyon Pou Sitiyasyon Ijan

Chèche yon moun ou kapab depann sou li kòm yon Patnè Preparasyon Pou Sitiyasyon Ijan. Asire yo konprann ak dakò pou yo sèvi kòm patnè ou anvan ou devlope yon plan preparasyon pou sitiayson ijan.

Yo kapab voye zye sou ou ak bay ou asistans si ta gen yon sitiayson kadijans.

### PATNÈ PREPARASYON POU SITIYASYON IJAN

Non

Telefòn Kay

Nimewo Selilè

Adrès Imèl

### PATNÈ ALTÈNATIF

Non

Telefòn Kay

Nimewo Selilè

Adrès Imèl

Èske ou gen yon fanmi oswa zanmi ki pa rete nan menm eta avèk ou kote menm kadijans lan pa pral afekte yo epi yo te kapab ede ou si li nesesè?

Non

Telefòn Kay

Nimewo Selilè

Adrès Imèl

### YON LÒT ANKÒ

Non

Telefòn Kay

Nimewo Selilè

Adrès Imèl

**Fè yon jan pou yon moun nan rezo soutyen ou a gen yon kle kay ou epi li konnen kote ou mete twous pwovizyon kadijans ou.**

Non Ou

### Plan Kadisjans Pèsònèl Ou

Rezo Soutyen Pèsònèl Mwen Kalite Sistèm Patnè Preparasyon an

Biwo Preparasyon: 302-223-2999

## Enfòmasyon Enpòtan

### MEDIKAMAN YO OU BEZWEN (DÒZ)

### EKIPMAN MEDIKAL DIRAB AK PWODWI YO OU BEZWEN

### ALÈJI

#### (MANJE, MEDIKAMAN, AK LÒT BAGAY)

## Pwofesyonèl Swen Sante Medikal ak Sèvis pou Moun Enfim

### DOKTÈ PREMYE SWEN

Non

#### Nimewo Telefòn

Selon bezwen ou yo, ou kapab vle mete yon etikèt oswa braslè ki anonse pwoblèm medikal ou sou ou, oswa yon kote ou ekri deskripsyon enfimite ou ak soutyen yo ou bezwen, si ou pa kapab dekri sitiysyon an pandan yon kadijans.

### KISA OU AP BEZWEN POU BÈT DOMESTIK OSWA BÈT SÈVIS OU YO?

- Manje pou bêt domestik - ase pou twa jou
- Dlo - ase pou twa jou
- Medikaman- ase pou twa jou
- Kès ou pòtè pou pote bêt domestik ou
- Dosye medikal ak vaksen
- Nimewo lisans oswa pyès elektwonik
- Kolye oswa etikèt ak idantite, ekipay oswa lès pou bêt domestik ou
- Foto resan ou menm ak bêt domestik ou yo
- Dra ak jwèt
- Bwat pou chat poupou ak pipi, ak sachè poubèl

<http://www.ready.gov/animals>

Kenbe yon lis sou papye enpòtan ou pral bezwen. Di patnè ou ki kote I ap jwenn yo.

- Pyès Idantite ak Foto
- Kat Asirans Medikal
- Papye Asirans
- Nimewo Kont Kanè Labank (yo)
- Enfòmasyon sou Kat Kredi
- Batistè
- Sètifikasi Maryaj
- Papye Divòs
- 
- 
- 

L ap yon bon ide pou ou kachte dokiman orijinal ou yo nan yon sachè enpèmeyab oswa yon ti sachè zip-lòk nan yon bwat ki fèmen ak kle. Fè fotokopi, ak/oswa mete kopi yo nan yon kle USB pòtab.

### ESKE OU GEN OKENN BEZWEN TRANSPÒ ESPESIFIK?

## Bagay Enpòtan Ou Dwe Gen Alamen Pandan Yon Kadijans

- Dlo (yon galon pou chak jou pou chak moun pou omwen twa jou = twa galon pou chak moun)
- Manje (ase manje pou twa jou ki pa kapab pouri)
- Medikaman (ase pou omwen yon semèn)
- Yon pè linèt anplis
- Batri anplis pou aparèy pou ede tande
- Tablo komunikasyon oswa tablèt pèsonèl si ou kapab bezwen asistans pou yo konprann ou oswa pou ou konprann lòt moun
- Si ou gen yon chèz woulant elektwonik, ki gen ladan yon chajè batri oswa yon chèz woulant manyèl pou si ou bezwen
- Telefòn selilè ak yon batri ki chaje ansanm ak yon chajè derechanj
- Flach ak batri anplis
- Lajan kach oswa chèk vwayaj (ki gen ladan pyès monnen ladan)
- Radyo Pòtab (sa ki fonksyone ak manivèl oswa batri ansanm ak batri siplemantè)
- Rad ak lenn siplemantè
- Pwodwi ijjèn (dezenfektan pou men, ti sèvyèt mouye, papye twalèt, kouchèt pou grammoun oswa timoun, kotèks)
- Twous premye swen
- Aparèy pou ouvri bwat alamen
- Mask figi